




Re-ouvèti New York



Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [relyon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpote ak livrezon. Nan rejyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpote/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Nan espas anplennè yo, tout tab ak chèz yo dwe a omwen sis pye lwen nenpòt lòt tab, chèz, patwon, oswa wout pyeton oswa koridò. ✓ Asire ke gen yon kapasite entèn ki ka pèmèt patwon yo ki ka bezwen antre oswa soti nan espas entèn nan pou gen aksè nan espas ekstèn pou chita, twalèt pou peye, epi pèmèt aksè / soti, nan yon fason ki bay distans sosyal. ✓ Fèmen espas entèn pou manje ak chita pou kliyan yo. ✓ Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj tout tan. ✓ Patwon yo dwe mete kouvèti vizaj tout tan tou, sof pandan yo chita; depi patwon an depase laj de zan e li kapab tolere youn sou plan medikal. ✓ Limite kapasite anplennè a ak kantite tab ki ka ranje nan fason ki sekirize epi apwopriye pou chak tab a sis pye pou pi piti youn ak lòt. Kèlkeswa kote distans lan pa ka fèt ant tab yo, dekrete baryè fizik ant tab sa yo. ✓ Moun ki chita sou menm tab la dwe se manm menm pati a (men ka soti nan kay ki diferan), ak yon maksimòm 10 moun pa tab. Tab komen yo otorize sèlman si omwen yo ka kenbe 6 pye ant pati yo. ✓ Siyale espas 6 pye ant liy yo pou kliyan k ap tann kòmand, rekiperasyon manje, ki chita oswa nan twalèt, ansanm ak tout kote gen rekiperasyon oswa pèman. ✓ Deziyen antre /sòti pou kliyan yo epi separe antre / sòti pou anplwaye yo, kote ki posib. ✓ Limite rasanbleman yo (pa eganp reyinyon anplwaye yo) nan pi gwo mezi sa posib. ✓ Etabli espas ki dezinye pou kòlèk ak livrezon, pou founisè yo, pandan nou ap limite kontak yo nan mezi sa posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire yo kenbe yon distans omwen 6 pye ant travayè yo tout tan, sof si aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout. (pa egzanp fè manje, netwaye, netwaye tab). ✓ Entèdi itilizasyon ti espas (pa egzanp frizè, ti chanm depo) pa plis pase yon moun alafwa. ✓ Modifye itilizasyon epi / oswa diminye kantite estasyon travay / zòn anplwaye yo chita pou kenbe distans 6 pye a. ✓ Deziyen zòn travay diskre pou sèvis yo, lè li posib. Sèvè yo dwe sèvi zòn presi nan restoran an pou minimize pou youn pa monte sou lòt. ✓ Asire pèsonel kwizin yo angaje nan yon estasyon pandan tout orè a. (pa egzanp salad oswa griye oswa desè) nan limit ki posib. ✓ Ankouraje pèsonel kwizin yo pou mete pwodui yo sou kontwa pou pwochen moun nan pran olye yo pase pwodui yo de men an men. ✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans lè w afiche pano ak flèch nan lale, koulwa, oswa espas etwat yo. ✓ Ankouraje kliyan yo tann nan machin yo oswa deyò jiskaske manje a prè pou pran l oswa jiskaske yo prè pou chita. ✓ Ankouraje kliyan yo plase kòmand anliy oswa pa telefòn. ✓ Otorize kòmand, pèman, livrezon, ak rekiperasyon san kontak, kote ki posib. ✓ Otorize kliyan yo kòmande manje anvan yo rive, epi ankouraje kliyan yo rezève pou plas. ✓ Asire yon pwosesis youn alafwa ou vandè yo, kote sèlman yon vandè livre yon pwodui alafwa, anplwaye yo netwaye epi dezenfekte sifas ki touche anpil yo, epi pwochen vandè a ka antre nan lokal la.


WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [reiyon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpote ak livrezon. Nan rejyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpote/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwotektif	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj ki akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti ki sifizan nan ka gen bezwen ranplasman. ✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan , rad yo, foula), mask chirijik yo ak mask pwoteksyon vizaj yo. ✓ Netwaye, ranplase ak entèdi pataj pwoteksyon figi. Tanpri konsilte direktiv (guidance) Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) a pou enfòmasyon anplis sou kouvèti pou figi yo ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo. ✓ Fòme anplwaye yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE yo. ✓ Limite pataj objè, (pa egzanp, istansil kwizin, plim ak blòk, ansanm ak touche sifas moun pataje, (pa egzanp, manch pòt ak ekran taktil); oswa, egzije travayè yo mete gan lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo fè ijyèn men yo avan e apre kontak. ✓ Asire ke tout anplwaye yo mete kouvèti vizaj tout tan e yo pratike ijyèn men yo epi itilize men ki lib konfòmman ak kòd sanità eta ak lokal yo. <ul style="list-style-type: none"> • Si anplwaye yo mete gan pandan aktivite preparasyon ki pa manje, asire yo ranplase gan yo souvan, epi ankouraje yo chanje gan yo lè y ap chanje travay (pa egzanp soti nan sèvi kliyan pou pase nan pliye kouvè). • Si anplwaye yo pa mete gan, asire yo lave men yo souvan ak savon / dlo. ✓ Asire ke anplwaye k ap sèvi tab yo lave men yo ak savon / dlo e, si y ap mete gan, ranplase gan yo, anvan ak apre yo netwaye epi dezenfekte tab yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kenbe yon stòk kouvèti vizaj, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) ki rezonab, pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa si yon vandè ta nan bezwen. ✓ Egzije kliyan yo mete kouvèti vizaj lè yo pa chita sou yon tab (pa egzanp lè y ap tann pou rekiperè, plase kòmand nan kontwa oswa fenèt la, mache pou ale / soti nan tab la, mache pou ale / soti nan twalèt la). ✓ Ankouraje, men pa egzije kliyan yo mete kouvèti vizaj lè yo chita sou tab e yo p ap manje epi / oswa bwè. ✓ Nan kamyon manje ak konsesyonè kote pa gen estasyon dlo k ap koule, anplwaye yo dwe mete gan oswa itilize dezenfektan pou men regilyèman epi kontinye respekte egzijans jesyon manje ak ijyèn federal, etatik ak lokal yo.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [reiyon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpòte ak livrezon. Nan rejyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpòte/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn ak Netwayaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn, netwayaj, ak dezenfeksyon yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a epi kenbe rejis ki dokimante dat, lè, ak kantite netwayaj la. ✓ Bay epi kenbe estasyon ijyèn pou men ki genyen ladan yo savon, dlo cho k ap koule, ak papye ki ka jete, ansanm ak dezenfektan pou men ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Bay epi ankouraje anplwaye yo itilize atik netwayaj ak dekontaminasyon pou sifas ki pataje yo pou yo itilize anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi ijyèn pou men vini apre sa. ✓ Fè netwayaj ak sanitasyon regilyèman etablisman an epi fè netwayaj ak sanitasyon pi souvan pou espas ki gen gwo risk kote plizyè moun itilize ak sifas moun touche souvan yo (pa egzanp twalèt). Netwayaj ak dekontaminasyon an dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak uit èdtan, chak jou, oswa pi souvan si li nesèsè. ✓ Asire ke ekipman sa netwaye epi dezenfekte regilyèman lè w itilize dezenfektan ki otorize, omwen osi souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay. Konsilte pwodwi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm efikas kont COVID-19. ✓ Fè netwayaj ak dekontaminasyon pou zòn ki ekspozè yo nan ka yo konfime yon moun genyen COVID-19, kote netwayaj ak dekontaminasyon sa enkli pou pipiti netwayaj tout zòn ki gen anpil mouvman ak sifas ki touche plis yo. ✓ Anvan ou retounen travay, fè verifikasyon anvan retou yo ak evalyasyon sistèm kwizin yo pou asire gen yon anviwònman ki sen epi san danje. ✓ Minimize pataj ekipman kwizin yo ant anplwaye (pa egzanp kouto, po, tòchon / sèvyèt), kote sa posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van k'ap soti deyò a (egz: ouvèti fenèt ak pòt) pandan n'ap kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Dekouraje anplwaye preparasyon manje yo chanje / antre nan estasyon travay lòt moun pandan chanjman orè, sof si yo netwayè / dezenfekte jan ki apwopriye. ✓ Bay envite yo meni papye ki itilize yon sèl fwa ki ka jete ak / oswa meni ki afiche sou tablo blan / tablo lakrè / televizyon / pwojektè. ✓ Ankouraje kliyan yo gade meni yo anliy (pa egzanp sou smartphone oswa aparèy elektwonik yo) kote ki posib. ✓ Mete dezenfektan pou men disponib nan tout zòn ki touche anpil (pa egzanp deyò twalèt yo), epi mete l nan kote ki adekwa, tankou antre, soti ak kès yo. Enstale dezenfektan pou men ki pa bezwen touche, kote ki posib.


WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [relyon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpote ak livrezon. Nan reyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpote/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).


Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn ak Netwayaj (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè netwayaj ak dekontaminasyon pou zòn ki ekspozè yo nan ka yo konfime yon moun genyen COVID-19, kote netwayaj ak dekontaminasyon sa enkli pou pipiti netwayaj tout zòn ki gen anpil mouvman ak sifas ki touche plis yo. ✓ Anvan ou retounen travay, fè verifikasyon anvan retou yo ak evalyasyon sistèm kwizin yo pou asire gen yon anviwònman ki sen epi san danje. ✓ Entèdi itilizasyon aparèy (pa egzans siprè) ki bay alèt pou kliyan ki chita oubyen pou yon kòmand ki disponib, sof si aparèy sa yo byen netwaye epi dezenfekte ant chak itilizasyon. ✓ Pou rekiperason / livrezon: <ul style="list-style-type: none"> • Bay estasyon ijyèn pou kliyan k ap tann manje ak / oswa bwason yo. • Asire anplwaye yo lave men li avèk savon/dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl; si anplwaye yo itilize gan, ranplase yo regilyèman. • Si rekiperason / livrezon an andedan, asire ke fenèt ak / oswa pòt yo ouvri pou pèmèt gen vantilasyon. ✓ Asire yo bay kliyan yo tout kondiman yo dirèkteman nan yon resipyan yon sèl itilizasyon ki ka jete oswa ki ka retilize ki netwaye / dezenfekte regilyèman. ✓ Si pa gen meni ki pa ka jete ki itilize, netwaye epi dezenfekte meni yo apre itilizasyon chak pati. ✓ Itilize kouvè ki deja anbale, oswa ki pliye. Yo dwe vlope ajantri yo davans pandan anplwaye yo pote mask ak gan. 	



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [reivon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpòte ak livrezon. Nan rejyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpòte/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon pou raple anplwaye ak responsab yo pou respekte bon jan ijyèn, prensip distans sosyal, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dekontaminasyon yo. ✓ Avize depatman sante eta ak lokal la si yon travayè gen kontak pre ak lòt moun epi teste pozitif pou COVID-19 la. ✓ Kowopere ak efò swivi yo, ki enkli notifikasyon kontak potansyèl nan travay la, pandan n ap kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzijè yo. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Itilize anons odyo, mesaj tèks, oswa avi sou ekri pou kominike ak kliyan k ap tann yon kòmand oswa ki chita. ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vandè, ak kliyan yo ki genyen yon mwayen solid pou bay enfòmasyon mizajou.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete pratik depistaj chak jou pou anplwaye, vandè yo, kote sa pratik, men depistaj sa pa dwe obligatwa pou kliyan ak pèsònèl livrezon yo (pa egzanp, kesyonè, verifikasyon tanperati) pou anplwaye yo, epi poze yo kesyon sou (1) sentòm COVID-19 nan 14 jou ki pase yo (2) tès COVID-19 ki pozitif nan 14 dènye jou yo, ak/oswa (3) kontak pre ak ka COVID-19 ki konfime oswa yo sispèk nan 14 dènye jou yo. ✓ Etablisman yo pa ka oblije kliyan yo fè yon depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak yo. ✓ Pati Responsab yo dwe idantifye yon pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a dwe idantifye tou kòm pati pou travayè yo ak vizitè yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anpeche anplwaye yo gen nan kontak sere oswa kole youn ak lòt anvan fen depistaj la (pa egzanp fè depistaj la adistans). ✓ Verifikasyon tanperati ka fèt pa Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. ✓ Kenbe yon rejis chak moun, ki enkli travayè ak vandè ki te gen kontak pre oswa sere ak lòt moun nan sit travay la, nan fason pou yo ka idantifye tout kontak yo, swiv epi avize nan ka yon travayè dyagnostike ak COVID-19 la; retire kliyan ak livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen ki san kontak. ✓ Bay yon opsyon pou kliyan yo bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan rejis la epi kontakte yo pou swivi kontak, si sa nesèsè. ✓ Konsilte konsèy DOH a sou pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike nan tout etablisman restoran ak sèvis manje, ki gen ladan kamyon manje ak lòt konsesyon manje yo. Nan [reiyon](#) ki pa ko rive nan Faz 1 yo, oswa ki nan Faz 1, etablisman sa yo ka sèlman opere pa anpote ak livrezon. Nan rejyon ki te rive nan Faz 2, etablisman sa yo ka louvri espas deyò avèk syèj pou kliyan yo, ak an akò ak direktiv ki anba a ak an akò ak "[Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje an Deyò ak pou Anpote/ Livrezon](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services) Eta a. "Espas deyò" defini kòm yon espas lè pa gen yon do kay fiks (san konte yon tant tanporè oswa sezon oswa kouvèti).

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sit sèvis manje deyò ak sèvis pou anpòte yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak etablisman sa yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon. Re-ouvèti New York Direktiv pou Sèvis Manje Deyò ak Sèvis pou Anpòte / livrezon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Depistaj (kontinye)	<p>✓ Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan sit la.</p>	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.